

BAB III


METODE PANALUNGTIKAN

Dina metode panalungtikan dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, ténik ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan jeung téhnik ngolah data dina panalungtikan ieu.

3.1 Desain Panalungtikan

Metode panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanna Winarno (2013, kc. 135). Metode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode deskriptif, digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hal-hal nu patalina jeung rumusan masalah panalungtikan. Sugiyono (2012), nyebutkeun yén metode deskriptif disebut metode artistik, ku sabab dina prosés panalungtikana miboga sipat seni (*kurang terpola*), jeung disebut ogé minangka metode *interpretive* ku sabab data hasil panalungtikanana aya miboga patula-patali jeung interpretasi data nu kapanggih di lapangan.

Sangkan leuwih jéntre ngeunaan desain panalungtikan, bisa digambarkeun saperti ieu di handap.



3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta, sakumna kalimah salancar jembar. Sumberna nya éta novel nya éta nu judulna “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana nu medal di taun 2018 citakan ka-3 edisi piunggul hadiah Samsoedi (2016), terbitan Geger Sunten, ukuran buku 20cm x 15cm, miboga 10 jumlah bab.

Sacara gurat badagna ieu novel téh nyaritakeun tokoh Nia nu jadi Béntang Hariring ku sabab miboga kamampuh dina ngahariring, manéhna jadi wawakil sakolana ngiluan pasanggiri kawih tingkat kacamatan. Tokoh Nia nu sukses jadi Béntang Hariring ku sabab pinunjul dina éta pasanggiri jadi tokoh nu bisa ngamotivasi para pamaca, sangkan hirup nu kudu leuwih sumanget sangkan bisa ngahontal naon nu dicita-cita ku urang.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa ulikan pustaka. Winarno (2013, kc. 47), nyebutkeun yén ulikan pustaka mangrupa sagala informasi tinulis nu relevan jeung masalah panalungtikan, digunakeun minangka rujukan dina nangtukeun masalah jeung raraga mikir nu aya dina buku-buku atau karya ilmiah séjenna. Sangkan leuwih jéntré, bisa ngaliwatan léngkah-léngkah saperti di handap ieu:

- 1) Maca novel *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana.
- 2) Nyirian kalimah salancar jembar.
- 3) Nyalin kalimah salancar jembar kana kartu data.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumen dina ieu panalungtikan mangrupa kartu data nu eusina mangrupa cutatan kalimah salancar jembar nu aya dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana. Sangkan leuwih jéntré contona saperti di handap ieu.

Kode Data	: BH/08/08/01
Kalimah	: <i>geus teu kuat Akang téh Sari, nitip barudak wé sing calageur</i>
Adegan	: Kat+J+C+U+Kat
Wujud Pragmatis Kalimah: pragmatis kalimah wawaran.	
Harti Pragmatis kalimah: harti pragmatis kalimah nitah.	

Bagan 3.2 Contoh Kartu Data

Keterangan

BH : Béntang Hariring

08 : Kaca

08 : Paragrap ka

01 : Kalimah ka

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa téhnik analisis unsur langsung, ari nu disebut analisis téh nya éta prosés néangan atau nyusun data sacara sitematis kalawan cara ngagolongkeun kana kategori Sugiyono (2012). Unsur-unsur nu dianalisis nyaéta pola-pola, wujud sarta harti pragmatis kalimah salancar jembar. Léngkah-léngkah dina ngolah datana bisa saperti di handap ieu:

- 1) Mariksa sakabéh data kalimah salancar jembar nu aya dina Novel *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana.
- 2) Ngaruntuykeun data kalimah salancar jembar.
- 3) Nyieun papasingan kalimah salancar jembar dumasar kana adegan, wujud pragmatis jeung harti pragmatisna.
- 4) Nganalisis tur ngadéskripsi keun kalimah salancar jembar dumasar kana adegan, wujud katut harti pragmatisna.
- 5) Nyieun kacindekan.